



**NAETISL**

National Association of  
Educational Translators and  
Interpreters of Spoken Languages



**MODDC**

Missouri  
Developmental  
Disabilities Council

# Konprann IEP a : Yon Gid pou Paran

---

Funding for the Supporting Language Access in Schools Project in Missouri provided by the Missouri Developmental Disabilities Council, was supported by the Administration for Community Living (ACL), U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as part of a financial assistance award totaling \$1,361,246 with 100 percent funding by ACL/HHS. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, nor an endorsement, by ACL/HHS, or the U.S. Government.



[naetisl@gmail.com](mailto:naetisl@gmail.com)

NAETISL



*Follow us*



MODDC



[moddc@moddcouncil.org](mailto:moddc@moddcouncil.org)



[www.naetisl.org](http://www.naetisl.org)

[www.moddcouncil.org](http://www.moddcouncil.org)



## Konprann IEP a : Yon Gid pou Paran

---

Yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) se yon dokiman legal yo devlope pou elèv ki kalifye pou edikasyon espesyal. Li dekri sipò ak sèvis yon elèv bezwen pou li reyisi lekòl dapre sa ekip la deside nan reyinyon IEP a.

Men yon eksplikasyon sou chak pati nan Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a ak sa li vle di pou pitit ou a.

### **Nivo pèfòmans aktyèl nan reyalizasyon akademik ak pèfòmans fonksyonman l**

- Dekri kijan pitit ou a ap degaje l nan lekòl la kounye a, sou plan akademik ak nan domèn tankou konpetans sosyal, konpòtman, ak kominikasyon.
- Ka gen ladan rezilta tèst, obsèvasyon pwofesè, ak mizajou sou pwogrè.

### **Poukisa li enpòtan:**

Li tabli fondasyon pou rès Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a—sèvis yo ak objektif yo dwe baze sou pwen fò ak bezwen aktyèl pitit ou a.

### **Objektif Anyèl**

- Yon lis objektif aprantisaj espesifik ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a mete nan IEP a chak ane.
- Objektif yo dwe mezirab epi adapte ak bezwen pitit ou a.



Egzanp:

"Anvan fen ane eskolè a, Alex pral amelyore fasilite nan lekti pou li rive li 90 mo pa minit nan tèks nivo klas li avèk 95% presizyon."

## Edikasyon Espesyal ak Sèvis ki Konekte yo

- Fè lis ki enstriksyon espesyalize ak sèvis ki konekte (egzanp, terapi langaj oswa terapi okipasyonèl) pitit ou a pral resevwa.
- Endike chak kilè ak ki kote sèvis yo pral fèt (pa egzanp, nan yon salklas edikasyon jeneral oswa yon sal resous).

## Akomodasyon ak Modifikasyon

Men adaptasyon pitit ou a bezwen pou li amelyore aprantisaj li:

- Akomodasyon yo chanje fason yon elèv aprann (egzanp, tan pwolonje, poz, plas prefere)
- Modifikasyon chanje sa yon elèv sipoze aprann (egzanp, devwa ki pi kout, kourikoulòm diferan)

Seksyon sa a enfòmè tout pwofesè yo sou chanjman yo bezwen fè nan salklas yo pou pitit ou a.

## Patisipasyon nan Edikasyon Jeneral

- Endike konbyen tan pitit ou ap pase nan anviwònman edikasyon jeneral ak edikasyon espesyal nan Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a.
- Eksplike poukisa yo ka retire pitit ou a nan salklas edikasyon jeneral la ladan l tou

## Orè pou Yo Bay Sèvis

- Bay detay sèvis yo pral bay :
- Chak konbyen fwa (egzanp, 3 fwa pa semèn)
- Dire (egzanp, 30 minit pou chak sesyon)





- Ki kote (egzanp, salklas edikasyon jeneral, sal terapi)
- Dat kòmansman/fen pou sèvis yo

### **Patisipasyon nan Tès Eta ak Distri**

- Endike si pitit ou a pral pran evalyasyon eta oswa distri a avèk oswa san akomodasyon oswa si li pral pran yon evalyasyon altènatif.
- Eksplike akomodasyon ki nesesè a.

### **Rapò Pwogrè**

Li gen ladan kijan ak kilè yo pral rapòte pwogrè, tankou kanè, mizajou nan Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP), oswa konferans.

### **Manm Ekip IEP yo**

Ekip la anjeneral gen ladan:

- Ou menm (paran an oswa responsab legal la)
- Pwofesè edikasyon jeneral la
- Pwofesè edikasyon espesyal la
- Administratè lekòl la
- Espesyalis evalyasyon an (egzanp, sikològ lekòl la)
- Pitit ou a (sitou pou planifikasyon tranzisyon)

### **Konsèy pou paran ki bezwen aksè nan lang**

- Mande sèvis entèprèt nan lekòl pitit ou a oswa nan biwo distri eskolè a anvan reyinyon IEP a.
- Mande yon kopi IEP a ki tradui nan lang ou.





## Konsèy pou TOUT paran\*

- Poze kesyon pandan reyinyon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) yo.
- Mande yon kopi Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a pou ou revize lakay ou.
- Ou ka mande chanjman oswa mande yon reyinyon nenpòt lè.
- Ou kapab refize bay konsantman pou Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a.
- Vwa ou enpòtan; ou se yon manm kle nan ekip la!

\*Gade dokiman enfòmasyon sou Konprann Dwa Paran yo.

